**दिन–सोमवार** **दिनांक–17.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मे नव सरकारक गठन कँ लऽकऽ हलचल तेज भऽ गेल अछि। जनता दल यूनाईटेडक विधायक दलक आइ होयवला बैसार स्थगित कऽ देल गेल अछि। ई बैसार आब उन्नैस नवंबर कँ होयत। जाहि मे नव–निर्वाचित विधायक लोकनि अपन नेताक चुनाव करताह। एम्हर भाजपाक नव–निर्वाचित नवासी टा विधायक लोकनिक बैसार काल्हि होयत। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल बतौलनि जे प्रदेश मुख्यालय मे होयवला बैसार मे पार्टीक विधायक दलक नेता चुनल जाएत। काल्हि एनडीएक पांचो दल सभक विधायक दलक एक–संग बैसार होयत। जाहि मे एनडीएक सभटा नव–निर्वाचित दू सय दू विधायक लोकनि द्वारा मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कँ गठबंधनक विधायक दलक नेता चुनल जयबाक संभावना अछि। एकर बाद एनडीएक विधायक दलक नव नेता दिस सँ सरकार बनयबाक दावा पेश कएल जाएत आओर समर्थन मे विधायक सभक सूची राज्यपाल कँ सौंपल जाएत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां सँ मुलाकात कयलनि आओर हुनका सँ राज्य मंत्री–मंडल कँ उनैस नवंबर सँ भंग करबाक सिफारिश कयलनि। श्री कुमार मंत्रिमंडलक बैसार मे एहि संबंध मे पारित प्रस्तावक जानकारी देलनि। राज्यपाल एहि सिफारिश पर सकारात्मक आश्वासन देलनि।

---

पटनाक गांधी मैदान मे नव सरकारक संग शपथ–ग्रहणक तैयारी शुरू कऽ देल गेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसारेँ बीस नवंबर कँ नव सरकारक शपथ–ग्रहण हेबाक संभावना अछि। एहि के लऽकऽ गांधी मैदानक आसपास सुरक्षा–व्यवस्था कड़ा कऽ देल गेल अछि।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आओर केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी बतौलनि जे बीस नवंबर कैँ बिहार मे नव–सरकारक शपथ–ग्रहण होयत। श्री मांझी बतौलनि जे भारतीय जनता पार्टीक सोलह, जनता दल यूनाईटेडक चौदह सँ पंद्रह आओर लोकजनशक्ति पार्टीक तीन टा सदस्य सभकैँ मंत्रिमंडल मे शामिल कएल जा सकैत अछि। ओ बतौलनि जे एक–एक टा सदस्य हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चा सँ सेहो मंत्रिमंडल मे शामिल कएल जयबाक संभावना अछि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आओर राघोपूर विधानसभा क्षेत्र सँ नव–निर्वाचित विधायक तेजस्वी प्रसाद यादव कैँ सर्वसम्मति सँ राजद विधायक दलक नेता चुनि लेल गेल अछि। राजद प्रमुख लालू प्रसादक उपस्थिती मे आइ आयोजित बैसार मे एहि संबंध मे प्रस्ताव पारित कयल गेल। एहि सँ स्पष्ट भऽ गेल जे तेजस्वी यादव अठारहम विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष भऽ सकै छैथ। बैसार मे विधानसभा चुनाव मे पार्टीक भेल करारी हारक–कारणक सेहो समीक्षा कयल गेल। संगहि, भविष्य मे संगठन कैँ मजगूत बनएबाक लेल विभिन्न बिन्दु सभ पर चर्चा कएल गेल।

———————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता राजीव रंजन प्रसाद कहलनि अछि जे राजदक अंतर–कलह तेजस्वी यादवक अहंकारक परिणाम छी। श्री प्रसाद पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत मे कहलनि जे रोहिणी आचार्यक बयान एहि बातक पुष्टि करैत अछि जे परिवारवादी पार्टी सभ मे सिद्धांतक कोनो जगह नहिं अछि।

———————————————————————

कांग्रेस पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर राज्यसभा सांसद अखिलेश सिंह कहलनि अछि जे विधानसभा चुनाव मे पार्टीक हारक कारणक समीक्षा कयल जा रहल अछि। नई दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ बातचीत करैत ओ कहलनि अछि जे ई अप्रत्याशित हार अछि।

———————————————————————

उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन मीडिया संगठन सभ सँ लोकतांत्रिक व्यवस्थाक चारिम खंभाक रूप मे भूमिका निभा कऽ राष्ट्र–निर्माण मे भागीदार बनबाक आग्रह कयलनि अछि। ओ डिजिटल युग मे झूठ आओर भ्रामक खबरि सभक प्रसार रोकबाक तत्काल आवश्यकता पर जोर देलनि। श्री राधाकृष्णन हैदराबादक रामोजी फिल्म सिटी मे रामोजी उत्कृष्टता पुरस्कार दू हजार पच्चीसक उद्‌घाटन समारोह मे ई बात कहलनि।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक लौरिया थाना क्षेत्र अंतर्गत राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या सात सय सत्ताईस पर एकटा तेज रफ्तार कार बाराती सभकेँ रौंद देलक। दुर्घटना मे तीन टा लोकक मृत्यु भऽ गेल। जखनकि, सोलह टा लोक गंभीर रूपेँ घायल भऽ गेल छथि।

———————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग सभ मे पश्चिमी हवाक प्रभाव सँ ठंढ़ा मे बढ़ोतरी दर्ज कएल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसारेँ पछिला चौबीस घंटाक दरमियान गया राज्यक सभसँ ठंढ़ा स्थान रहल। जाहि ठामक न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल। ओतहि, नालंदा मे दस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस आ अरवल, बक्सर आओर औरंगाबाद मे दस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू सँ तीन दिनक दरमियान एहि स्थान सभ पर न्यूनतम तापमान मे कोनो वृद्धि नहिं होयत। संगहि राज्यक उत्तर–पूर्वी भाग सभक अनेको स्थान सभ पर भोर आओर सांझक समय मध्यम स्तरक कुहेस पसरल रहबाक संभावना अछि।

———————————————————————

समाप्त